

## **GID POU PWOSESIS KONSILYASYON POU MOUN MANDE KONPANSASYON**

Pou jwenn fòm ak lòt enfòmasyon konsènan konpansasyon travayè, ou ka kontakte biwo Komisyon Konpansasyon Travayè ki pi pre ou, oswa ou ka ale sou Entènèt nan sitwèb Komisyon an nan [www.wcb.ny.gov](http://www.wcb.ny.gov).

**1. Konsilyasyon** – Komisyon an mete nan konsilyasyon reklamasyon patwon an oswa konpayi asirans lan aksepte, men ki ka gen pwoblèm ki pa rezoud. Objektif pwosesis konsilyasyon an se pou bay yon rezolisyon enfòmèl ak rapid pou reklamasyon ki baze sou kolaborasyon toulède moun yo: travayè ki pran chòk la ak konpayi asirans lan/patwon ki gen pwòp asirans li.

**2. Medyatè** – Komisyon an anplwaye kèk Avoka Prensipal pou pran desizyon kòm Medyatè sou yon reklamasyon. Depi Medyatè a resevwa yon reklamasyon, l ap revize tout dokiman ki nan dosye elektwonik lan, yon fason pou idantifye pwoblèm kote ka gen yon dezakò oswa yon malantandi ant moun yo. Si li nesesè, Medyatè a ap kominike avèk tout moun yo yon fason pou rasanble dokiman, fòm oswa enfòmasyon ki nesesè pou pwopoze yon rezolisyon pou reklamasyon an.

**3. Dosye Elektwonik Komisyon an** – Lè Komisyon resevwa dokiman pou nenpòt reklamasyon, l ap konsève dokiman sa yo nan dosye elektwonik li. Nenpòt moun ki nan reklamasyon an kapab wè dosye elektwonik sa a. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou wè dosye a, kontakte nenpòt biwo Komisyon an.

**4. Avoka** – Travayè ki pran chòk yo ka reprezante tèt yo nan zafè yo devan Komisyon an, oswa yo ka pran avoka pou reprezante yo. Avoka a ka reprezante travayè ki pran chòk yo pandan pwosesis konsilyasyon an. Si yon travayè ki pran chòk vle pran yon avoka, y ap ranvwaye konsilyasyon an jouk lè li pran avoka a.

**5. Frè pou Peye Avoka** – Si ou pran yon avoka, Komisyon an ap evalye frè li reklame pou sèvis legal yo, epi si Komisyon an apwouve frè yo, konpayi asirans lan/patwon ki gen pwòp asirans li an ap peye nenpòt avantaj konpansasyon li dwe. Travayè ki pran chòk la pa ta dwe peye avoka a ki reprezante li a dirèkteman nan yon dosye konpansasyon.

**6. Desizyon Konsilyasyon ki Pwopoze** – Depi revizyon apwofondi dosye elektwonik nan fin fèt, Medyatè a ap pwopoze yon desizyon pou rezoud tout pwoblèm yo, epi l ap voye desizyon an ba moun yo, oswa, si li nesesè, l ap pran randevou pou yon reyinyon nan biwo Komisyon an avèk moun yo, epi l ap voye ba yo yon Desizyon ki Pwopoze apre reyinyon an.

**7. Reyinyon pou Konsilyasyon** – Medyatè a ap pran randevou pou yon reyinyon nan biwo Komisyon an avèk moun yo pou diskite sou reklamasyon an sèlman si li nesesè. Si yon avoka pa reprezante yon moun ki mande konpansasyon nan reyinyon an, Medyatè ap fè konnen moun ki mande konpansasyon an gen yon dwa pou jwenn avoka, epi li kapab ranvwaye reyinyon jouk lè moun nan jwenn yon avoka. Si yon avoka pa reprezante yon moun ki mande konpansasyon, epi moun nan refize patisipe nan pwosesis konsilyasyon an, reyinyon an ap fini, epi y ap transfere dosye a nan kalandriye odyans regilye a. Si yon avoka pa reprezante moun ki mande konpansasyon an, epi moun nan dakò pou kontinye, y ap mande li pou siyen yon fòm pou bay konsantman li pou kontinye. Si moun yo pa kapab jwenn yon akò nan reyinyon an, Medyatè a, selon konpetans li, ka fè yon Rankont Anvan Reyinyon an, epi li ka kontinye dosye a pou jwenn yon rezolisyon devan yon Jij Administratif, k ap bay enstwiksyon apwopriye pou moun yo pou yo kapab ede rezoud pwoblèm nan (yo).

**8. Peryòd Pwotestasyon pou Moun ki Mandé Konpansasyon epi ki pa jwenn Repezantasyon Avoka** – Depi yo soumèt yon Desizyon ki Pwopoze, moun yo gen 30 jou apre dat yo soumèt desizyon an pou revize ak konsidere li. Pandan peryòd 30 jou a, nenpòt moun ka soumèt ba Komisyon an nenpòt kòmantè alekri ki fèt nan Desizyon yo Pwopoze a konsènan rezilta yo oswa lajan dedomajman an, oswa li ka mande pou gen yon reyinyon avèk moun yo nan biwo Komisyon an si yo potko fè youn. Si pa gen kòmantè alekri oswa si pa gen demann pou gen yon reyinyon anvan peryòd pwotestasyon 30 jou a, Desizyon yo Pwopoze a ap vin final.

### **9. Peryòd Pwotestasyon pou Moun ki Mande Konpansasyon epi ki pa jwenn Repezantasyon Avoka**

– Depi yo soumèt yon Desizyon ki Pwopoze, moun yo gen 30 jou apre dat yo soumèt desizyon an pou revize ak konsidere li. Pandan peryòd 30 jou a, nenpòt moun ka soumèt ba Komisyon an nenpòt kòmantè alekri ki fèt nan Desizyon yo Pwopoze a konsènan rezilta yo oswa lajan dedomajman an, oswa li ka mande pou gen yon reyinyon avèk moun yo nan biwo Komisyon an si yo potko fè youn. Si pa gen kòmantè alekri oswa si pa gen demann pou gen yon reyinyon anvan peryòd 30 jou a, epi si yon Jij Administratif Konpansasyon Travayè apwouve Desizyon ki Pwopoze a, y ap voye avi ba moun yo pou fè yo konnen desizyon an apwouve. Depi yo voye avi pou fè konnen Desizyon ki Pwopoze a apwouve, moun ki mande konpansasyon an epi ki pa jwenn repezantasyon avoka a gen 10 jou siplemantè ki vini apre dat li resevwa avi a pou li revize ak konsidere Desizyon ki Pwopoze a. Si moun ki mande konpansasyon an epi ki pa jwenn repezantasyon avoka a fè Komisyon an konnen alekri pandan peryòd 10 jou a li pa dakò avèk Desizyon ki Pwopoze a, y ap transfere dosye a nan kalandriye odyans regilye a. Si yo pa resevwa retrè pandan peryòd 10 jou a, desizyon an ap vin final.

### **10. Pwotestasyon yo Resevwa Pandan Peryòd Pwotestasyon an**

– Si te gen yon pwotestasyon nan rezilta yo oswa nan lajan dedomajman ki endike nan Desizyon ki Pwopoze Komisyon an te resevwa pandan peryòd 30 jou a, Medyatè a ap analize pwotestasyon an, epi l ap eseye konsilye yon akò moun yo ka aksepte. Pou fè sa, li kapab swa kontakte moun yo oswa li kapab pran randevou pou yon reyinyon. Si konsilyasyon an pa fèt avèk siksè, y ap transfere dosye a nan pwosesis odyans ki ka gen ladan yon rankont anvan odyans lan.

### **11. Desizyon Final – Peman Lajan Dedomajman**

– Konpayi asirans lan/patwon ki gen pwòp asirans li dwe peye lajan dedomajman an nan 10 jou ki vini apre dat Desizyon ki Pwopoze a vin final. Si peman an pa fèt anvan 10 jou, Komisyon an ka mete yon sanksyon \$500 kont konpayi asirans lan/patwon ki gen pwòp asirans li. Nan lajan sanksyon sa a, y ap peye \$300 ba travayè ki pran chòk la.

**12. Kontestasyon** – Okenn moun pa kapab konteste desizyon Konsilyasyon ki Pwopoze ki vin final la.

**13. Swen Medikal** – Yo bay tretman medikal ki nesèsè akòz chòk oswa maladi ki asosye avèk travay la pou yon travayè ki pran chòk la kit dire andikap la kout kit li long. Si plis swen medikal oswa peman avantaj siplemantè ta obligatwa apre Desizyon ki Pwopoze a vin final fè Komisyon an konnen sa, epi Medyatè a ap revize reklamasyon an ankò, pou konsidere ki lòt desizyon ki endike.

**14. Sekrè Enfòmasyon** – Sof pou travay sou yon reklamasyon oswa pou rezoud pwoblèm ki nan yon reklamasyon pou avantaj konpansasyon, enfòmasyon ki nan dosye konpansasyon travayè a ap rete an sekre. Travayè ki pran chòk yo kapab bay otorizasyon pou divilge dosye konpansasyon. Pou fè sa, yo dwe ranpli fòm OC 110-a (Otorizasyon Moun ki Mande Konpansasyon pou Divilge Dosye Konpansasyon).

**15. Fwod / Diskalifikasyon** – Si yon moun fè espri pou bay fo deklarasyon pou li ka resevwa avantaj konpansasyon travayè, moun sa a ka gen pou peye amann, li ka ale nan prizon, epi/oswa li ka pa kalifye pou resevwa avantaj konpansasyon travayè.

**Enfòmasyon yo bay la se yon prezantasyon jeneral ak senplifye dispozisyon ak pwosedi anrapò avèk Lwa sou Konpansasyon Travayè. Li pa ranplase lwa a oswa konsèy legal.**